

**PANGARUH MODÉL PROBLEM BASED LEARNING (PBL) KALAWAN
BANTUAN CANVA PIKEUN NINGKATKEUN PAMAHAMAN KONSEP
MURID DINA DIAJAR IPAS DI SD**

**SITI KHOIRUNISA
205060187**

ABSTRAK

Panalungtikan ieu dilakukeun dumasar kana masalah nu kajadian di sababaraha SD di Kabupatén Sumedang, utamana di kelas V SDN Ketib, nyaéta kurangna pamahaman konsep dina mata pelajaran IPAS. Kaayaan ieu disababkeun ku kurangna inovasi ti guru dina migunakeun modél jeung média diajar, nepi ka ngajadikeun prosés diajar kurang pikaresepeun jeung condong ngabosenkeun. Panggunaan modél Problem Based Learning (PBL) make bantuan aplikasi Canva dina pembelajaran IPAS dipercaya bisa mangaruhan motivasi diajar murid, sahingga kaparigelan jeung hasil diajar maranéhna kana mata pelajaran IPAS bisa ningkat. Méthode panalungtikan anu dipaké nyaéta méthode kuantitatif jeung jenis quasi eksperimen kalayan desain Nonequivalent Control Group Design. Hasil uji normalitas di kelas eksperimen nunjukkeun nilai signifikansi $0,106 > 0,05$ jeung di kelas kontrol $0,014 > 0,05$, hartina data nyebarna normal. Dina uji homogenitas, nilai signifikansi pikeun data pretest nyaéta $0,617 > 0,05$ sarta data posttest $0,534 > 0,05$, hartina boh pretest boh posttest duanana homogen. Hasil uji hipotesis nunjukkeun yén nilai signifikansi $0,001 < 0,05$, hartina H_0 ditolak jeung H_a ditampa. Hasil uji-t Paired Sample miboga hasil nilai signifikan (2-tailed) kana hasil pratés jeung postés di kelas kontrol jeung ékspérimén, nya éta $0,001 < 0,05$ hartina H_0 ditolak jeung H_a ditarima, ku kituna bisa dicindekkeun yén aya pangaruh signifikan tina ngagunakeun modél Problem Based Learning dibantuan ku Canva pikeun ngaronjatkeun pamahaman konseptual siswa dina pangajaran IPA.

Kecap Pamagéuh: Modél Problem Based Learning, média Canva, Pamahaman Konsep, IPAS.